

Simba Ramwari

Rugwaro Rwakanyorwa
na Watson Goodman

**Ropachena —
risingatengeswe**

SIMBA RAMWARI

Zvingaitika sei kuti kanhu kadiki-diki Kanofa katsanangure simba roMusiki wedu, kana kukwaniswa kungaitwa zvinhu zvose naMwari wedu usingadzivirwe? Hazvikwanisike kuti zviitwe zvakakwana, nokuda kwokuti Mwari anesimba uye mukurusa kuti pfungwa dzedu diki dzi kwanise kutora zvose.

Asi Mwari wakazviratidza muBuku rake, Bhaibheri, zvakakwana kuti atipe pfungawa dzakazaruka pamsoro pesimba rake rokuita CHIPI ZVACHO chinofungidzirwa nomunhu kuti hachikwanisike! Akasika nyika yedu akaisa mumhepo uye yakagara mumhepo yakadaro kwezvuru wemakore isina payakabatirira kunze kwesimba rake bedzi. Wakanga achizadza nyika yedu nezvainoda kunyange zvazvo Satani nomunhu vanoda kuikanganisa namasimba avo.

Iko zvino ngatimbotarisai zvishoma mushoko ramwari maererano nezvakazarurwa zvake pamsoro pesimba risina kudzivirwa.

—Watson Goodman (1920-2002)

Ndiye wakaita nyika nesimba rake, wakateya nyika novucenjeri bgake, wakatatamura denga rose nenjere dzake. —Jeremia 10:12

Zino mungafananidza Mjari naniko? Ndiye ugere kumsoro kwenyika yakavurungana, vanhu vagere'po vakaita semhashu; ndiye unotatamura denga somuceka, nokuriwadza setente kuti agarere'mo. Ko zino mungandifananidza nani, kuti ndienzane naye? ndizo zinotaura Mutšene. Tarirai kumsoro nameso enyu, muvone kuti ndiani wakasika izozi, unobudisa hondo yazo yakawanda; iye unozidana zose namazita azo;

nokuda kwovukuru bgesimba rake, vuye zaari mukuru pakusimba kwake, hakune-cimŋe cino-shaikwa.

—Isaya 40:18a, 22, 25, 26

Haiwa, Ishe Jehova! Tarirai, imi makaita denga rose napasi nesimba renyu guru noruvoko rwenyu rwakatambanudzwa, hakunecinhuhungakukonai imi.

—Jeremia 32:17

Mjari... zino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwatiriri muMjanakomana wake, waakaita muddyi wenhaka yezinhu zose, waakaita vo naye nyika.

—VaHeberu 1:1a, 2

MWARI UNOSIKA NOKUPA CHIEDZA; SATANI UNOPARADZA

Pakutanga Shoko rakanga riri'po, Shoko rakanga riri kuna-Mnjari, Shoko rakanga riri Mnjari. Zinhu zose zakaitwa naye; kunze kwake hakuna-kuitwa kunyange cinhu cimje cakaitwa. Mbava [Satan] inongovuya, kuti ibe nokuvuraya nokuparadza.

—Johane 1:1, 3; 10:10a

Akati kwavari: Ndakavona Satan ni aciwa kudenga semheni.

—Ruka 10:18

Zatiri rudzi rwaMnjari, hatifaniri kuti vuMnjari bgakafanana nendarama, kana sirveri, kana ibge,

zakavezwa novumhizha kana kucenjera kwomunhu.

—Mabasa 17:29

Şinurai, murinde; muvengi wenyu Diaborosi, unofamba-famba seshumba inorira, icitsaka waingaparadza.

—I Petro 5:8

Zino handidi kuti muyanane nemje ya yakaipa.

—I UaKorinte 10:20b

Zino Jesu wakataura ze navo, akati: Ndini ciedza cenyika; unonditevera haangatonogofambi murima, asi ucava neciedza covu-penyu.

—Johane 8:12

Mjari wakataura kamje cete, Ndakazinzwa kaviri; kuti simba nderaMjari. —Mapisarema 62:11

Asi Mjari wedu uri kudenga-denga; Wakaita zose zaakada.

—Mapisarema 115:3

Zirokwazo, kubva zuva ranhasi ndini iye; hakuna-ungarwira munhu paruvoko rwangu.

—Isaya 43:13a

Uukuru ndobgenyu, Jehova, nesi-mba, nokubginya, nokukunda, novumambo; nokuti zose ziri kudenga neziri pasi nde-zenyu; vushe ndobgenyu, Jehova, makakudzwa muri musoro wezose. Fuma nokukudzwa zinobva kwamu-

ri, imi munobata vushe pamsoro pezose; paruvoko rwenyu panesi-mba novushe; ruvoko rwenyu ndirwo runokurisa nokupa vose simba. —I Makoronike 29:11, 12a

Imi Jehova Mjari, makatanga kuratidza muranda wenyu vukuru bgenyu, noruvoko rwenyu runesimba; nokuti ndoupiko mjari kudenga kana panyika ungaita zakafanana namabasa enyu, nesi-mba renyu? —Deuteronomio 3:24

Nokuti hakuneshoko raMjari ricashaiwa simba. —Ruka 1:37

Ndimi Mjari unoita zishamiso; Makaratidza simba renyu pakati pavanhu. —Mapisarema 77:14

4 KUKURA KWESIMBA RAMWARI RISINGAPERI

Rudyi rwenyu, Jehova, rwakakudzwa nesimba rarwo; rudyi rwenyu, Jehova, runoputsanya vavengi. Novumambo bgenyu vukuru munowisira pasi vanokumukirai simba; munotuma kutsamya kwenyu, kunovapisa sehandi.

—Eksodo 15:6-7

Ishe wedu mukuru, unesimba guru; Njere dzake hadziperi.

—Mapisarema 147:5

Kunyanje zakadaro wakavaponesa nokuda kwezita rake, kuti azivise simba rake guru.

—Mapisarema 106:8

Ndimi Jehova, imi moga; imi makaita denga, nokudengadenga,

nehondo dzaro dzose, nenyika nezose ziri mukati mayo, namakungwa nezose ziri mukati mawo; imi munocengeza zose; hono dzokudenga dzinonamata kwamuri.

—Nehemia 9:6

Rumbidza Jehova, mnyaya wangu! Jehova Mnyari wangu, muri mukuru kwazo; makafukidzwa nokukudzwa novumambo.

—Mapisarema 104:1

Ndicakurumbidzai zuva rimye nerimye; ndicakudza zita renyu nokusingaperi-peri. Jehova mukuru, unofanira kurumbidzwa kwazo; vukuru bgake havunganzeri.

—Mapisarema 145:2, 3

SIMBA RAMWARI RINOGARA NOKUSINGAPERI 5

Nokuti muciziita mucazarurirwa zakanaka kuti mupinde muvushe bgusingaperi bgaShe wedu, noMuponesi Jesu Kristu.

—II Petro 1:11

Uimbai naJehova nokusingaperi; nokuti munaJehova, iye Jehova, munedombo risingaperi.

—Isaya 26:4

Makomo asati azarwa, Musati matongosika nyika nevu, Kubva pakusingaperi kuşikira pakusingaperi imi muri Mņari.

—Mapisarema 90:2

Asi Jehova ndiye Mņari wazokwadi; ndiye Mņari mupenyu, na-

Mambo wokusingaperi; kana iye atsamņa nyika inodedera, marudzi avanhu haagani kumira pahasha dzake. —Jeremia 10:10

Manzwi makuru akava'po kudenga, aciti: Uushe bgenyika bga-va bgaShe wedu, naKristu wake; ucabgubata nokusingaperi-peri.

—Zakazarurwa 11:15b

Simba Rasatani Richaparadzwa
Zino Diaborosi, wakavanyenger, akakandwa mudziva romņoto nesurferi, panecikara nomuprofitawenhema, kuti varwadzwe masikati novusiku nokusingaperi-peri. —Zakazarurwa 20:10

SIMBA RAMWARI RAKARATIDZWA PAGUNGWA DZUKU

Zino Mosesi akatambanudzira ruvoko rwake pamsoro pegungwa, Jehova akadzinga gungwa nemhepo inesimba, yakabva mavazuva vusiku bgoose, akashandura gungwa, rikaita ivu rakawoma, mvura ikatsemuka. Zino vana vaIsraeri vakapinda nomukati megungwa pakawoma, mvura ikavaitira madziro kurudyi rwavo nokuruboshwe rwavo. Zino Jehova akati kunaMosesi: Tambanudzira ruvoko rwako pamsoro pegungwa, kuti mvura idzokere pamsoro pavaEgipita, napamsoro pengoro dzavo, napa-

msoro pavataši vavo vamabiza. Mosesi akatambanudzira ruvoko rwake pamsoro pegungwa, gungwa rikadzokera kwakare kwoedza; vaEgipita vakatizira mukati maro; Jehova akaparadza vaEgipita mukati megungwa; mvura ikadzoka,...hakuna-kusara kunyanje nomumje wavo. Jehova akarwira vaIsraeri saizozo nomusi iwoyo pamavoko avaEgipita; vaIsraeri vakavona vaEgipita vakanga vafa pamhenderekedzo dzegungwa.

—Eksodo 14:21, 22, 26-28, 30

***Wakapa Kudya Kunezvuru
Zvezvuru Zvavanhu Kwemakore
Makumi Mana***

Madekwana mucadya nyama, fume mangwana mucaguta zingwa; zino mucaziva kuti ndini Jehova, Mnjari wenyu. Zino madekwana zihuta zikakwira, zikafukidza misasa; fume mangwana dova rakanja rakapoterredza misasa Zino dova rakanja riri pasi rakati radzimuka, vakavona zinhu ziduku zakavurungana zakanja ziri pasi murenje, ziduku secando pavu. Uana vaIsraeri vakati vacizivona vakabvunzana, vaciti: Cinyiko?... Uana vaIsraeri va-

kadya mana makore makumi manna, kudzimana vacisika panyika yakagarwa navanhu.

—Eksodo 16:12b-15a, 35a

Mvura Kune Zvuru Zvezvuru

Tarira ndicamira pamberi pako padombo riri paHorebi, urove dombo iro, mvura icabuda pariri, vanhu vagonwa. —Eksodo 17:6a

***Wakamisa Mafashamo Emvura
Yaiyerredza***

Uaprista vakanga vakatakura areka yesungano yaJehova vakaramba vamire pasi pakawoma pakati paJoridani; vaIsraeri vose vakayambuka pavu rakawoma.

—Joshua 3:17a

Ipapo varume avo vakasungwa vanamajasi avo namaburuku avo nenjowani dzavo nedzimnje nguvo dzavo, vakawisirwa mukati mecoto comjoto unopfuta kwazo. Zino murairo wamambo zakawanga unehasha, vuye coto zakawanga cicipisisa kwazo, murazo womjoto wakavuraya varume vakawanga vaciisa'ko Shadraki na Meshaki na Abedi-nego. Zino macinda navarairi namadzishe namakurukota amambo vakavungana vakavona varume ava, kuti mjoto wakawanga washaiwa simba pamiviri yavo, kunyange nevudzi remisoro yavo rakawanga risina-ku-

fuwurwa, namajasi avo akawanga asina-kushanduka.

—Danieri 3:21, 22, 27a

Ipapo mambo wakaraira, vakavuya naDanieri vakamuwisira mugomba reshumba. Mambo akataura, akati kunaDanieri: Mjari wako waunosishumira nguva dzose, ucakurwira. Ipapo Danieri akati kunamambo: Imi mambo, raramai nokusingaperi. Mjari wangu wakatuma mutumja wake, akadzivira miromo yeshumba, dzikasandikuvadza; nokuti pamberi pake ndakawanikwa kuti handinemhoşa, napamberi penyuvu.

—Danieri 6:16, 21, 22a

Shoko rangu harina-kufanana nompoto here? ndizo zinotaura Jehova; vuye senyundo inoputsanya dombu here?

—Jeremia 23:29

Nokuti shoko raMjari ibenyu, rinesimba, rinopinza kukunda munondo unoceka kumativi maviri, rinobaya kusikira pano-paradzana mjoyo nomjeya, namafundo nomjongo; rinotonga mifungo nendangariro dzomjonyo.

—UaHeberu 4:12

Torai ngowani yoruponeso, nomunondo woMjeya, iro Shoko raMjari.

—UaEfeso 6:17

Jaya ringaramba ricinatsa nzira yaro neiko? Kana riciicenjerala sezinoraira shoko renyu.

—Mapisarema 119:9

Imi matonatswa neshoko randakareva kwamuri. —Johane 15:3b

Muvaite vatšene muzokwadi; shoko renyu izokwadi.

—Johane 17:17

Makabatisisa shoko rovupenyu.

—UaFiripi 2:16a

Zino Jesu wakati kuvaJuda avo, vakanga vamutenda: Kana imi mucigara mushoko rangu, muri vadzidzi vangu zirokwazo.

—Johane 8:31

Nokuti kuzara kwovuMnjari kunogara maari pamuviri.

—VaKorose 2:9

Tarira, mhandara icava nemi-mba, icazara mjanakomana, Uacamutumidza zita rinonzi Emanueri; ndokuti kana zicishandurwa: Mnjari unesu. Zino Josefa akamuka pahope dzake akaita sezakarairwa nomutumnja waShe, akatora mukadzi wake; akasamuziva kuşikira azara mjanakomana wake wedangwe, ndokumutumidza zita rinonzi Jesu.

—Mateo 1:23-25

Asi iye wakapindura, akati: Baba vangu vacabata kuşikira zino,

neni ndinobata vo. Saka zino vaJuda vakatşaka zikuru kumuvuraya, nokuti wakanga asingaputsi murairo wesabata bedzi, asi wakati vo Mnjari ndiBaba vake, acizienzanisa naMnjari.

—Johane 5:17, 18

Wakaraticidzwa nesimba paMjeya wovutşene, kuti ndiye Mjanakomana waMnjari, ... ndiye Jesu Kristu, Ishe wedu. —VaRoma 1:4

Ropa Rakristu Iropa Ramwari

Zicenjerei imi, neboka rose ramakaitirwa vatariri varo noMjeya Mutşene, kuti mufudze kereke yaMnjari, yaakatenga neropa rake.

—Mabasa 20:28

Nokuna Jesu Kristu, ... Ndini Arfa ne Omega, ndizo zinoreva Ishe Mjari, uri'po, wakanja ari'po, noucazova'po, wamasimba ose.

—Zakazarurwa 1:5a, 8

Vakatisunungura pasimba rerima, vakatiisa muvusha bgo Mjana komana worudo rwavo; watinedzikinuro maari, ndiko kukanjanwirwa kwezivi zedu. Ndiye mufananidzo wa Mjari usingavonekwi, dangwe rezisikwa zose; nokuti maari zihu zose zakasikwa, ziri kudenga napanyika, zinovonekwa nezisingavonekwi, kana ziri zigaro zovusha, kana vusha, kana vabati, kana masimba;

zihu zose zakasikwa naye, ziri'po nokuda kwake.

—Ua Korose 1:13-16

Kuti ucegete murairo, usinoruvava, usina-caungapomerwa, kuşikira pakuvonekwa kwa She wedu, Jesu Kristu; kwaacazoratidza panguva dzake, iye oga wakaropafadzwa no Wamasimba-ose, Mambo wamadzimambo, Ishe wamadzi she; iye oga usingafi, ugere paciedza cisingawederwi, usinakumbovonekwa nomunhu, vuye usingagoni kuvonekwa; kukudzwa nesimba risingaperi ngazive kwaari. Amen.

—I Timotio 6:14-16

Unondivona, uno vona wakan-
ndituma. —Johane 12:45

Iye cadzera cokubginya kwake,
nomufananidzo wake caiye, uno-
cengeta zinhu zose nenzwi resi-
mba rake, wakati apedzisa kuna-
tswa kwezivi, akagara kurudyi
rwoUumambo kudenga.

—UaHeberu 1:3

Novukuru bgakapfuvurisa bge-
simba rake kwatiri isu tinotenda,
nokubata kwesimba rake guru,
raakabata munaKristu, acimu-
mutsa kuvakafa, nokumugarisa
kurudyi rwake kudenga, kumso-
ro-soro kwavabati vose, novuku-
ru, nesimba, novushe, namazita

ose anorebga, pasati pari panyika
ino bedzi, asi paneinozovuya vo;
akaisa zose pasi petsoka dzake,
akapa kereke iye, kuti ave muso-
ro wazose, ndiwo muviri wake,
kuzara kwaiye unozadzisa zose
munavose. —UaEfeso 1:19-23

Ini naBaba tiri vamwe. Asi kana
ndiciaita, kunyanje musingandi-
tendi ini, tendai mabasa, mugozi-
va nokuzivisisa, kuti Baba vari
mandiri, neni ndiri munaBaba.

—Johane 10:30, 38

Uakamupa simba rokutonga, za-
ari Mjanakomana womunhu.

—Johane 5:27

Ndisamasimba Muhumwari

Ndiye Mjeya unopupura, nokuti Mjeya ndiye zokwadi.

—I Johane 5:7

Asi Petro akati: Ananiasi, Satani wazadzireiko mjoyo wako, kuti ureve nhema kuMjeya Mutšene, nokuzikamurira zimje pamuteŋgo womunda? Iwo uciri'po, wakanga usi wako here? Watenge-swa, wakanga usinesimba nazo here? Waita seiko, zawafunga cinhu ici mumjoyo mako? Hauna-kureva nhema kuvanhu, asi kunaMjari. Ananiasi, wakati acinzwa mashoko iwayo, akawira pasi, akabudisa mjeya wake; kutya

kukuru kukawira vose vakazinzwa.
—Mabasa 5:3-5

Wakazadza Vatendi Vakava Nokusatya

Zino vakati vanyengetera, nzimbo yavakanga vakavungana piri ikazununguswa; vakazadzwa vose noMjeya Mutšene, vakataura shoko raMjari vasingatyi.

—Mabasa 4:31

Anoita Kuti Rudo Rwake Rushande

Tariro hainyadzisi; nokuti rudo rwaMjari rwakadirwa mumjoyo yedu noMjeya Mutšene watakapiwa.
—UaRoma 5:5

Naizozo unesimba rokuponesa kwazo-kwazo avo vanoswedera kunaMjari naye, zaanorarama nokusingaperi kuti avareverere.

—UaHeberu 7:25

Zino kunaiye unogona kuku-cengetai, kuti murege kugumburwa, nokukuisai pamberi pokubginya kwake musinacamungapomerwa, mucifara kwazo.

—Judasi 24

Nemhaka iyi ndinotambudzika vo nezinhu izi, asi handinyadzi-swi, nokuti ndinoziva wandakate-nda, ndinoziva kwazo kuti unogona kucengeta candakamupa

kuşikira zuva irero.

—II Timotio 1:12

Mjari unogona kukuwanzirai nyasha dzose kuti nguva dzose muve nokuringana kwose pazose, kuti muwanze mafasa ose akanaka.

—II UaKorinte 9:8

Mjari ungamutsira Abrahama vana pamabge awa. —Ruka 3:8b

Abrahama... akatarira cipikirwa caMjari, haanakunyunyuta noku-satenda, asi wakasimbiswa paku-tenda, akakudza Mjari, aciziva kwazo, kuti ico caakapikira, wakanaga anesimba rokuciita vo.

—UaRoma 4:16c, 20, 21

Zino ini Nebukadneziari ndinorumbidza nokuwombera noku-kudza Mambo wokudenga; nokuti mabasa ake ose ndeezokwadi, nzira dzake dzakarurama; iye unogona kuderedza vanofamba vacizikudza. —Danieri 4:37

Kana zikaitika hazo, Mjari wedu watinoshumira unogona kutirwira pacoto comjoto unopfuta kwazo; iye ucatirwira paruvoko rwenyu, imi mambo. Ipapo Nebukadneziari akaswedera kumuro-mo wecoto comjoto wakanja ucipfuta kwazo, akataura, akati: Nhai imi Shadraki naMeshaki na-Abedi-nego, imi varanda vaMjari

Wokumsoro-soro, budai muvuye pano... Vakavona varume ava, kuti mjoto wakanja washaiwa simba pamiviri yavo, kunyanje nevudzi remisoro yavo rakanja risina-kufuwurwa, namajasi avo akanja asina-kushanduka; kunyanje nomunhuwi womjoto wakanja usina-kuşika kwavari.

—Danieri 3:17, 26a, 27b

Nokuti zaakatambudzika iye amene pakuidzwa kwake, unogona kubatsira vanoidzwa.

—UaHeberu 2:18

Nokuti wakati Mjari unogona kumutsa munhu kunyanje kuva-kafa. —UaHeberu 11:19a

Kuti kubvira pavucece bgako wakaziva Manyoro Matsene anogona kukupa vucenjeri bgunoisa kukuponeswa nokutenda kuri munaKristu Jesu.

—II Timotio 3:15

Iwe ndiwe aniko unopa mura-nda womumje munhu mhoşa? Iye unomira kana unowa pamberi paShe wake. Ucamiswa hake, nokuti Ishe unesimba rokumumisa.

—UaRoma 14:4

Zino, iye unesimba rokuita zikuru kwazo zinopfuvura zose zatinokumbira kana zatinofunga, nesimba rinobata mukati medu, ngaave nokubginya mukereke

munaKristu Jesu, kuşikira kumarudzi ose nokusingaperi-peri, Amen. —UaEfeso 3:20, 21

Zino ndinokuisai kunaShe, neshoko renyasha dzake, iye unesimba rokukuvakisai, nokukupai nhaka pakati pavakaitwa vatsene vose. —Maŋasa 20:32

Zino ndinoti: Ko Mŋari wakasha vanhu vake here? Haişa! Nokuti neni vo ndiri muIsraeri, worudzi rwaAbrahama, weimba yaBenjamini. Naivo vo, kana vasingagari pakusatenda kwavo, vacabatanidzwa; nokuti Mŋari unogona kuvabatanidza ze.

—UaRoma 11:1, 23

Ɔai imi Jehova, mairanġarira zi-sakarurama, Ndianiko wairamba amire, Ishe? Asi kukanganwirwa kuri'ko kwamuri, kuti vanhu vakutyei. —Mapisarema 130:3, 4

Kana vanhu vanġu, vakatumidzwa nezita ranġu, vakazinipisa, vakanyengetera nokutşaka ciso canġu, nokurega nzira dzavo dzakaipa; ipapo ndicanzwa kudenga ndicavakanġanwira zivi zavo, nokupodza nyika yavo.

—II Makoronike 7:14

Cinyiko cakareruka, kuti kunowakafa mitezo: Wakanganwirwa zivi zako, kana kuti: Simuka, tora nhovo dzako, ufambe? Asi kuti

muzive kuti Mġanakomana womunhu unesimba panyika rokukanganwira zivi, (akati kumunhu wakanga akafa mitezo:) Ndinoti kwauri: Simuka, tora nhovo dzako, uende kumba kwako! Pakarepo akasimuka, akatora nhovo, ndokubuda pamberi pavo vose; naizozo vose vakashamiswa, vakarumbidza Mġari.

—Marko 2:9-12a

Mumġe nomumġe unoreva sho-ko rakaipa pamsoro poMġanakomana womunhu, ucakanġanwirwa, asi unomhura Mġeya Mutşene haanġakanġanwirwi.

—Ruka 12:10

18 SIMBA RAKRISTU PAKUPORESA MWEYA

Saka kana munhu ari munaKristu, wava cisikwa citsha; zihu zakare zapfuvura; tarirai, zose zava zitsha.

—II UaKorinte 5:17

Mumje nomumje uri mupe-nyu, unotenda kwandiri, haanga-
tongofi. Unotenda izozo here?

—Johane 11:26

Akati akwaniswa, akazova mu-
vambi wokuponeswa kusingaperi
kunavose vanomuterera.

—UaHeberu 5:9

Kuti zivi sezazakabata vushe
parufu, saizozo nyasha dzibate
vushe nokururama, ziise kuvu-
penyu bgusingaperi naJesu Kristu
Ishe wedu.

—UaRoma 5:21

Asi kwakaratzidzwa zino noku-
vonekwa kwoMuponesi wedu,
Kristu Jesu, iye wakaparadza ru-
fu, akabudisa pacena vupenyu
nokusavora nenzira yeEvangeri.

—II Timotio 1:10

Nokuti isu vapenyu tinogara ti-
cingoiswa pakufa nokuda kwaJe-
su, kuti novupenyu vo bgaJesu
bguratidzwe munyama yedu ino-
fa.

—II UaKorinte 4:11

Mbava inogovuya, kuti ibe no-
kuvuraya nokuparadza. Ini nda-
kavuya, kuti ave novupenyu, vu-
ye ave nobgakawanda.

—Johane 10:10

Nerimnje ramazuva iwayo wakannga acidzidzisa; vaFarise navadzidzisi vomurairo vakanga vagerere'po, vaibva kumisha yose ye-Garirea neJudea neJerusarema; simba raShe rokuporesa rakanga rinaye.

—Ruka 5:17

Ipapo mumnje mukadzi, waiva nokurwara kwokubuda ropa makore anegumi namaviri, wakanga apedzera pananga zose zaairarama nazo, asingaporeswi neimnje, akavuya mashure make, akabata mupendero wenguvo yake, pakarepo kubuda kwake kweropa kukaguma.

—Ruka 8:43, 44

Pose paakapinda pamisha napamaguta, naparuwa, vakaradzika vairwara padare, vakakumbira zikuru kwaari kuti vabate kunyanje mupendero wenguvo dzake cete; vose vakamubata vakaporeswa.

—Marko 6:56

Ava madekwana, vakavuya kwari navazhinji vaiva nemnje yaikaipa; akabudisa mnje neshoko, akaporesa vose vairwara. Kuti ziiitike zakarebga nomuprofita Isaya, aciti: Iye wakatora vutera bgedu, akatakura marwere edu.

—Mateo 8:16, 17

20 SIMBA ROKUPORESA MARUDZI AMARWERE

Akatambanudza ruvoko rwake, akamubata, akati: Ndinoda; cinatswa! Pakarepo maperembudzi ake akanatswa. —Mateo 8:3

Akaisa mavoko ake pamsoro pake; akatasanudzwa pakarepo, akarumbidza Mjari. —Ruka 13:13

Nenguva iyo akaporesa vazhinji hoshwa dzavo, novurwere, nemjeya yakaiya; namapofu mazhinji wakaaşinudza. —Ruka 7:21

Zino acipinda munomumje musha, akasonjgana navarume vanegumi vaiva namaperembudzi, vamire kure. Zino wakati aci-

vavona, akati kwavari: Endai mundoziratidza kuvaprista. Ukati vacienda, vakapora. —Ruka 17:12, 14

Jesu, wakati acipinda mumba maPetro, akavona mai vomukadzi wake vavete, vacinzwa fiviri. Akabata ruvoko rwavo, fiviri ikabva kwavari, vakasimuka, vakamushandira. —Mateo 8:14, 15

Ipapo mumje wavo akatema muranda womuprista mukuru, akamugura nzeve yorudyi. Jesu akapindura, akati: Regai, zarijgana. Akabata nzeve yake, akamuporesa. —Ruka 22:50, 51

SIMBA ROKUPORESA MARUDZI AMARWERE 21

Akati kupinda mumba, mapofu akavuya kwaari; Jesu akati kwaari: Munotenda kuti ndinogona kuita izozo here? Akati kwaari: Hojo, Ishe! Zino wakabata meso avo, akati: Muitirwe pamakate nda napo. Meso avo akaşinudzwa. Jesu akavaraira zikuru, akati: Cenjerai kuti zirege kuzikanwa nomunhu. —Mateo 9:28-30

Zino akati kumunhu: Tamba nudza ruvoko rwako! Akarutambanudza, rukavandudzwa, rukava sorumje. —Mateo 12:13

Wakati apinda Kapernaume, mumje mukuru wezana akavuya kwaari, akakumbira zikuru kwaa-

ri, aciti: Ishe, muranda wangu uvete kumba, akafa mitezo, asi unotambudzika kwazo. Akati kwaari: Ndicavuya kuzomuporesa. Zino Jesu akati kumukuru wezana: Enda, uitirwe pawakatenda napo. Muranda wake akapora nenguva ivo. —Mateo 8:5-7, 13

Zino kwaiva'po mumje munhu, wakanja abatwa nokurwara kwake makore makumi matatu namasere. Jesu akati kwaari: Simuka, tora nhovo dzako, ufambe. Pakarepo munhu uyo akaporeswa, akatora nhovo dzake, akafamba. —Johane 5:5, 8, 9

HAKUNA CHIRWERE CHINESIMBA KUTI JESU ACHIPORESE

Kunomumje unorwara pakati penyu here? Ngaadane vakuru vekereke. Kunyengetera kwokutenda kucaponesa unorwara, Ishe ucamumutsa.

—Jakobo 5:14a, 15a

Jesu akapota neGarirea rose, akadzidzisa mumasinagoge avo, aciparidza Evanjeri yovushe, aciporesa hoshu dzose namarwere ose avanhu.

—Mateo 4:23

Nokuporeswa hoshu dzavo. Navakanga vacitambudzika nemje ya yetšina vakaporeswa. Vanhu vazhinji vose vakatsaka kumunyangata, nokuti simba rakabuda

kwaari rikavaporesa vose.

—Ruka 6:18b-19

Vakakumbira zikuru kwaari kuti vabate cete mupendero wenguvo yake; vose vakabata vakaporeswa.

—Mateo 14:36

Zino vanhu vazhinji vakavuya kwaari navanokamhina, nezirema, namapofu, nembeveve, navamje vazhinji, vakavaisa pamberi paJesu; akavaporesa.

—Mateo 15:30

Vanhu vazhinji-zhinji vakamutevera, akavaporesa'po.

—Mateo 19:2

SIMBA RAKRISTU PAKUDZINGA MWEYA YAKAIPA 23

Zino Jesu akamuraira, mneya wakaipa ukabuda kwaari, mukomana akapora kubva panguva iyo.
—Mateo 17:18

Nemneya yakaipa yakabuda kuvazhinji, icidanidzira, iciti: Ndimi Mjanakomana waMhari! Asi wakairaira, akasaitendera kutaura, nokuti yakaipa iciziva kuti ndiye Kristu.
—Ruka 4:41

Wakati asika mhiri kunyika yaGadara, vanhu vaviri vaiva nemneya yakaipa vakasongana naye, vacibva kumarinda; vakaipa vanehasha kwazokwazo, nai-zozo kwakaipa kusinomunhu wa-

igona kupfuvura nenzira iyo. Zino vakadanidzira, vaciti: Tine-mhaka yeiko nemi, Mjanakomana waMhari? Mavuya pano kuzotirwadzisa, nguva isati yasika here? Kwakaipa kuneboka guru renguruve dzakaipa dzicifura kure navo. Mneya yakaipa ikakumbira zikuru kwaari, iciti: Kana mucitibudisa, mutitumire kuboka renguruve. Akati kwairi: Endai.

—Mateo 8:28-32a

Zino vakaisa kwaari munhu waiva nomneya wakaipa, raiva bofu nembeveve; akamuporesa, nai-zozo mbeveve yakataura nokuvona vo.
—Mateo 12:22

24 SIMBA RAKRISTU PAKUMUTSA VAKAFA

Zino Ishe wakati acimuvona, akamunzwira tsitsi, akati kwaari: Usacema. Ipapo akaswedera, akabata bganyanza; wakaŋga vacitakura vakamira. Akati: Jaya, ndinoti kwauri: Muka. Iye wakaŋga afa akagara, akatanga kutaura; akamupa mai vake.

—Ruka 7:13-15

Jesu akati kwaari: Hanzadzi yako icamuka ze. Marta akati kwauri: Ndinoziva kuti ucamuka ze pakumuka nezuva rokupedzisira. Jesu akati kwaari: Ndini kumuka novupenyu; unotenda kwandiri, kunyanje akafa, ucararama. Wakati areva izozo, akadandizira

nenzwi guru, akati: Razaro, buda! Wakaŋga afa akabuda, akapombga makumbo namavoko nemiceka yobgiro, neciso cake cakapombga nomuceka. Jesu akati kwavari: Mumusunungurei aende. —Johane 11:23-25, 43, 44

Wakati acataura, mumje akaŋika, acibva kumba kwomukuru wesinagoge, akati kwaari: Mukunda wenyu wafa; regai henyu kutambudza Mudzidzisi. Zino iye wakabata ruvoko rwake, akadana, aciti: Musikana, muka! Ipapo mje ya wake wakadzoka, akamuka pakarepo.

—Ruka 8:49, 54, 55a

CHIVIMBISO CHAMWARI CHOKUMUKA KWAVAKAFA 25

Zirokwazo, zirokwazo, ndinoti kwamuri: Nguva inovuya, nazino yatova'po, nayo vakafa vacanzwa inzwi roMjanakomana waMhari; vanonzwa vacararama. Musashamiswa naizozo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumabgiro vacanzwa inzwi rake, vacabudfa.

—Johane 5:25, 28, 29a

Nokuti kuda kwaBaba vangu ndiko, kuti mumje nomumje, unotarira Mjanakomana, nokute nda kwaari, ave novupenyu bgu-singaperi; neni ndicamumutsa nezuva rokupedzisira.

—Johane 6:40

Ndinetariro kunaMhari, iyo yavanotenda vo vamenene, kuti kuca-va'po kumuka kwavakafa kwavakarurama navasakarurama.

—Mabasa 24:15

Ticiziva kuti iye wakamutsa Ishe Jesu, ucatimutsa vo isu pamje cete naJesu; agotiisa pamberi pake pamje cete nemi.

—II UaKorinte 4:14

Nokuti Ishe amene ucaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumnja mukuru, nehwamanda yaMhari; vakafa munaKristu vacatanga kumuka.

—I UaTesaronika 4:16

Ipapo Jesu wakaşika, akataura kwavari, akati: Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika.

—Mateo 28:18

Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika, izo zake zisingavonekwi, iro simba rake risingaperi novu-Mŋari bgake, zinovonekwa kwazo, zicizikanwa pazinhu zakaitwa; kuti varege kuva nepembedzo.

—UaRoma 1:20

Iye uri kurudyi rwaMŋari; wakapinda kudenga, vatumŋa namadzishe namasimba zikaiswa pasi pake.

—I Petro 3:22

Unobva kumsoro ndiye uri pamsoro pavose; nounobva panyika

ndowenyika, unotaura zenyika; unobva kudenga ndiye uri pamsoro pavose. —Johane 3:31

Zanzi naiye mutşene, iye wazokwadi, iye unekiyi yaDavidi, iye unoti kana acizarura, hakuna-unopfiga, kana acipfiga, hakuna-unozarura. —Zakazarurwa 3:7b

Nesimba rovumŋari bgake takapiwa zose zinodikanwa pavupe nyu napakunamata Mŋari, nenzi- ra yokumuziva iye wakatifana nokubginya kwake nokunaka; akati- pa nazo zipi kirwa zinokosha zakakura kwazo; kut nazo muve vanhu vakagoverwa vuMŋari.

—II Petro 1:3b, 4a

Pakuziva Zvinhu Zvose

Asi, kuti tirege kuvagumbusa, enda kugungwa, ukande ciredzo, ubate hove inotanga kubuda; kana washamisa muromo wayo, uca-wana stateri; uritore, uvape iro, kuripira iwe neni.

—Mateo 17:27

Wakanga asingatşaki kuti munhu mumje apupure zomunhu; nokuti wakanga aciziva iye ziri mumunhu.

—Johane 2:25

Nezuva iro, Mjari raanozotonga naro zakavanzika zavanhu, naJesu Kristu, sezinoreva Evangeleri yangu.

—VaRoma 2:16

Pakupa Kudya Kunezvuru Zvishanu

Uakati kwaari: Hatinecinhu pano, asi zingwa zishanu bedzi nehove mbiri. Iye akati: Uyai nazo vuno kwandiri Akaraira vanhu vazhinji kuti vagare pasi pavuswa, akatora zingwa zishanu nehove mbiri, ndokutarira kude-nga, akavonga, akamedura zingwa, ndokupa vadzidzi vake, vadzidzi vakapa vanhu vazhinji. Ukadya vose, vakaguta; vakavunganidza zimedu zakasara, matengu anegumi namaviri azere. Ukanga vadya vaiva varume vanezuru zishanu, vakadzi navana vasingaverengwi.

—Mateo 14:17-21

28 SIMBA RISANA KUDZIVIRWA RAKRISTU

Pakufamba Pasoro Pempvura

Nenguva yecinna yovusiku akavuya kwavari, acifamba pamsoro pegungwa. —Mateo 14:25

Pakumisa Mvura Inonaya

Vanesimba rokuzarira denga, kuti mvura irege kunaya namazuva okuprofita kwavo; vanesimba pamsoro pempvura kuti vaishandure ive ropa, nokurova nyika namadambudziko ose nenguva dzose dzavanoda.

—Zakazarurwa 11:6

Pakunyaradza Dutu Remhepo

Akati kwavari: Munotyireiko, imi vokutenda kushoma? Zino akamuka, akaraira mitutu negu-

ngwa; kudzikama kukuru kuka-va'po. —Mateo 8:26

Pakupinda Napamadziro

Zino mazuva masere akati apfuvura ze, vadzidzi vakanga vari'mo mukati, naTomasi anavo. Jesu akavuya, mikova yapfigwa, akamira pakati pavo, akati: Rugare kwamuri! —Johane 20:26

Pakubata Nyika Pamwe Cete

Nokuti maari zihu zose zakasikwa, ziri kudenga napanyika, zinovonekwa nezisingavonekwi, ...zihu zose zakasikwa naye, ziri'po nokuda kwake. Ndiye unotangira zose, zose zakabatana maari. —VaKorose 1:16, 17

Ticiziva kuti Kristu, amutswa kuvakafa, haacazofi; rufu harucavi nesimba pamsoro pake.

—UaRoma 6:9

Zino kana Mjeya waiyeyo wakamutsa Jesu kuvakafa acigara mukati menyu, iye wakamutsa Kristu Jesu kuvakafa, ucaponesa miviri yenyu inofa noMjeya wake, unogara mukati menyu.

—UaRoma 8:11

Naiye Mupenyu; ndakanga ndafa, tarira, ndiri mupenyu noku-singaperi-peri.

—Zakazarurwa 1:18a

Pururudzai kunaMjari, imi nyika dzose; Imbirai mukurumbira

wezita rake; Rumbidzai kudzo yake. Itiyi kunaMjari: Mabasa enyu anotyisa sei! Uavengi venyu vacaziisa pasi penyu nemhaka yovukuru bgesimba renyu. Pasi pose pacanamata kwamuri, Pacakumbirai; Uacaimbira zita renyu.

—Mapisarema 66:1-4

Simba Muhumambo Hwake

Nokuti vushe bgaMjari habguzi pamashoko, asi pasimba.

—I UaKorinte 4:20

Ava vacarwa neGwaiana, Gwaiana ricavakunda; nokuti iro ndiShe wamadzishe, namambo wamadzimambo.

—Zakazarurwa 17:14a

30 SIMBA RISANA KUDZIVIRWA RAKRISTU

Pamsoro Pehupenyu Hwose

Sezamakamupa simba pamsoro penyama yose, kuti vose vamakamupa, avape vupenyu bgusingaperi.
—Johane 17:2

Saka Baba vanondida, nokuti ndinorasha vupenyu bgangu, ndigobgutora ze. Hakunomunhu ungangitorera ibgo; asi ndinobgurasha ndimene. Ndinesimba rokubgurasha, vuye ndinesimba rokubgutora ze. Uyu murairo ndakaupiwa naBaba vangu.

—Johane 10:17, 18

Nyika Yakadengenyeka Paakafa
Zino Jesu akadanidzira ze ne-

nzwi guru, akarega mņeya wake. Nyika ikadengenyeka.

—Mateo 27:50, 51b

Pakuvunza Kubwinya Kwokudenga

Akashanduka pamberi pavo; ciso cake cikapenya sezuva, nguvo dzake dzikacena seciedza.

—Mateo 17:2

Pakudzoka Musimba Nemukubwinya

Jesu akati kwaari: Ndizo zawa- taura; asi ndinoti kwamuri: Kubva zino mucavona Mņanakomana womunhu agere kurudyi rwe- simba, acivuya namakore oku- denga.
—Mateo 26:64

Pakuregerera Zvivi

Asi kuti muzive kuti Mjanakomana womunhu unesimba panyika rokukanganwira zivi, (akati kumunhu wakanga akafa mitezo:) Simuka, tora nhovo dzako, uende kumba kwako! –Mateo 9:6

Pakupapa Hupenyu Husingaperi

Makwai angu anonzwa inzwi rangu; neni ndinoaziva, vuye anonditevera. Ndinoapa vupenyu bgusingaperi.

–Johane 10:27, 28a

Pakudzikinura Anizvake

Kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendevekuka noku-

kanganwirwa zivi, vacitanga pa-Jerusarema. –Ruka 24:47

Saka naiye Jesu vo wakatambudzika kunze kwesuvo, kuti aite vanhu vave vatsene neropa rake.

–UaHeberu 13:12

Kuita Munhu Awe Mukundi

Ishe ucandirwira pamabasa ose akaipa, ucandiponesa ndipinde vushe bgake bgokudenga.

–II Timotio 4:18a

Pakuchengedza Munhu***Murutendo***

Kuti kutenda kwenyu kurege kuva muvucenjeri bgavanhu, asi musimba raMjari.

–I UaKorinte 2:5

Saka Mjari wakamukudza zikuru, akamupa zita rinopfuvura mazita ose; kuti muzita raJesu mabvi ose afugame, avari kudeŋga navari panyika.

—UaFiripi 2:9, 10a

Asi izi zakanyorwa, kuti mute nde kuti Jesu ndiye Kristu, Mjanakomana waMjari; vuye kuti, mucitenda, muve novupenyu muzita rake.

—Johane 20:31

Mudzidzisi, tavona munhu acibudisa mneya yakaipa muzita renyu, tikamudzivisa, nokuti haanakutitevera. Jesu akati: Musamudzivisa, nokuti hakunomunhu uŋgaita basa resimba nezita raŋgu,

ungakurumidza kutaura zakaipa pamsoro paŋgu.

—Marko 9:38b, 39

Cinhu cipi necipi camunokumbira muzita raŋgu, ndicaciita, kuti Baba vakudzwe muMjanakomana. Kana mucikumbira cinhu kwandiri muzita raŋgu, ndicaciita.

—Johane 14:13, 14

Asi Petro akati: Sirveri nendarama handina; asi candinaco ndinokupa: Nezita raJesu weNazareta, cifamba. Akamubata ruvoko rworudyi, akamusimudza; pakarepo tsoka dzake neziziso zetsoka dzake zakasimba.

—Mabasa 3:6, 7

Uyo watinedzikinuro maari neropa rake, iko kukanjanwirwa kwokudarika kwedu, nokuwanda kwenyasha dzake. —UaEfeso 1:7

Mukombe uyu isungano itsha muropa rangu, rinotevurirwemi.
—Ruka 22:20b

Ivo vakamukunda neropa reGwaiiana, vuye neshoko rokupupura kwavo.
—Zakazarurwa 12:11a

Zino Mjari worugare, wakadzo-
sa kuvakafa mufudzi mukuru wa-
makwai, iye Ishe wedu Jesu Kri-
stu, neropa resungano isingaperi,
ngaakukwanisei pazinhu zose za-

kanaka, kuti multe kuda kwake,
iye aciita mukati medu izo zino-
fadza pamberi pake, naJesu Kri-
stu—ngaave nokubginya nokusi-
ngaperi-peri. Amen.

—UaHeberu 13:20, 21

Ndikati kwaari: Ishe wangu, imi
munoziva. Akati kwandiri: Ndivo
vanobva kukutambudzika kuku-
ru, vakasuka nguvo dzavo vaka-
dzicenesa muropa reGwaiiana.

—Zakazarurwa 7:14b

Asi kana ticifamba muciedza,
saiye ari paciedza, tinoyanana
isu; neropa raJesu Kristu, Mjana-
komana wake, rinotinatsa pazivi
zose.
—I Johane 1:7

MWARI NGAARUMBIDZWE NEKUDA KWESIMBA RAKE!

Vaciti nenzwi guru: Gwaiana rakabayiwa rakafanira kuti rivigirwe vushe, nefuma, nokucenjera, nesimba, nokukudzwa, nokubginya, nokurumbidzwa.

—Zakazarurwa 5:12

Naizozo vahedeni vacatya zita raJehova, Namadzimambo ose apasi kubginya kwenyu; Vanhu, vacazosikwa, vacarumbidza Jehova. —Mapisarema 102:15, 18b

Asi imi muri rudzi rwakasana-ngurwa, vuprista bgamambo, rudzi rutşene, vanhu vaakaziwani-ra, kuti muparidze kunaka kwaiye wakakudanai, kuti mubve parima

muvuye kuciedza cake cinoshamisa. —I Petro 2:9

Imbirai Jehova nziyo dzokumurumbidza, iye ugere paZioni; ūdzirai zaakaita pakati pendudzi dzavanhu. —Mapisarema 9:11

Imi munotywa Jehova, murumbidzei. —Mapisarema 22:23a

Vanhu ngavakuvongei, Mŋari; Vanhu vose ngavakuvongei. Pasi pakabereka zibereko zapo; Mŋari, iye Mŋari wedu, ucatiropafadza. Mŋari ucatiropafadza; Nemigumo yose yapasi icamutya.

—Mapisarema 67:5-7

NDINGAITA SEI KUTI NDIWANE UPENYU USINGAPERI? 35

Tarira, mumnje munhu wakavuya kwaari, akati: Mudzidzisi wakanaka, ndingaita cinhu cakanaka cipi, kuti ndive novupenyu bgusingaperi? Akati kwaari: Unondibvunzireiko pamsoro pezakanaka? Uri'po mumnje wakanaka. Asi kana ucida kupinda pavupenyu, cengeta mirairo. Akati kwaari: Ipiko? Jesu akati: Usavuraya, usaita vupombge, usaba, usapupura nhema; kudza baba vako namai vako, ude wokwako sezaunozida iwe. Jaya rikati kwaari: Izozo zose ndakazicengeta; ndicakashaiweiko? Jesu akati kwaari: Kana ucida kukwana, enda utengese

zose zaunazo, upe varombo, ugova nefuma kudenga; ugovuya unditevere. —Mateo 19:16-21

Tendevuka, Tenda, Gamuchira

Jesu akaşika Garirea, aciparidza Evanjeri yaMnjari, aciti: Nguva yazadziswa, vushe bgaMnjari bgaswedera pedyo; tendevukai, mutende Evanjeri.

—Marko 1:14b, 15

Wakanja ari panyika, asi nyika haina-kumuziva. Asi vose vakamugamucira, wakavapa simba kuti vave vana vaMnjari, ivavo vanotenda kuzita rake.

—Johane 1:10, 12

36 KRISTU NDIYE NZIRA,

Nokuti murairo wakapiwa na-Mosesi, nyasha nezokwadi zaka-vuya naJesu Kristu.

—Johane 1:17

Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nezokwadi, novupenyu; hapano-munhu unovuya kunaBaba, asi nokwandiri.

—Johane 14:6

Ndianiko murevi wenhema, kana asati ari iye unoramba kuti Jesu ndiye Kristu? Ndiye antikristu, unoramba Baba noMjanakomana.

—I Johane 2:22

Pindai nesuvo rakamanikana; nokuti suvo rakafara, nzira yakapamhamha, inoenda kukupara-

CHOKWADI, HUPENYU

dzwa; vanopinda naro vazhinji. Nokuti suvo rakamanikana, nezira inhete, inoenda kuvupenyu, vano iwana vashoma.

—Mateo 7:13, 14

Uupenyu bgaiva maari; vupe-nyu bgaiva ciedza cavanhu.

—Johane 1:4

Nokuti Baba sezavanovupenyu mavari, saizozo vo vakapa Mjanakomana, kuti ave novupenyu maari.

—Johane 5:26

Ndini cingwa cipenyu, cakaburuka kudenga; kana munhu acidya cingwa ici, ucararama nokusi-ngaperi.

—Johane 6:51a

KRISTU NDIYE ANESIMBA CHETE REKUPONESA 37

Nokuti Kristu haanakupinda panzimbo tšene yakaitwa nama-voko,...asi wakapinda kudenga kumene, kuti zino aziise pamberi paMnjari nokuda kwedu; vuye haana-kupinda kuti aziite cibayiro kazhinji, somuprista mukuru unopinda panzimbo tšene gore rimje nerimje, akabata ropa rezimje zinhu; nokuti dai zakanga zakadaro, ungadai aitambura kazhinji kubva pakuvambga kwenyika; asi zino wakavonekwa kamje cete pakupedzisira kwenguva, kuti aparadze zivi, nokuziita cibayiro kwake. Uye vanhu zavakatemerwa kuti vafe kamje cete, kutongeswa kugotevera, saizozo

Kristu vo, zaakaitwa cibayiro kamje cete, kuti atakure zivi zavanhu vazhinji, ucazovonekwa rwe-cipiri, asingatakuri zivi, naivo vanomutarira kuti avaponese.

—UaHeberu 9:24-28

Nokuti hakunakuponeswa kunomumje; nokuti hakunerimje zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu, ratingasunungurwa naro.

—Mabasa 4:12

Isimba Rake Kukukandira MuGehena

Musatya vanovuraya muviri, asi vasingagoni kuvuraya mjeya; zikuru mutye uyo unogona kuvuraya mjeya nomuviri zose muGehena.

—Mateo 10:28

SIMBA RAKRISTU KUPONESA KUSVIKA KUMUGUMO

Ishoko razokwadi, rinofanira kutendwa kwazo, kuti Kristu Jesu wakavuya panyika kuzoponesa vatadzi. —I Timotio 1:15a

Nokuti handinyari pamsoro pe-Evanjeri; nokuti isimba raMnjari rokuponesa mumnje nomumje unotenda, kutanga muJuda, vuye muGiriki vo. —UaRoma 1:16a

Asi aninani, unonwa mvura yandicamupa ini, haacazovi nenyota nokusingaperi; asi mvura, yandicamupa, icava mukati make tsime remvura, inovaira kuvupe nyu bgusingaperi. —Johane 4:14

Uanongoruramiswa nenyasha

dzake nokudzikinura kuri muna-Kristu Jesu; iye wakagadzwa na-Mnjari, kuti ave muyananiso nokutenda muropa rake, kuti kururama kwake kuratidzwe, nokuti zivi zakaitwa kare zakaregerwa.

—UaRoma 3:24, 25a

Saka, hama dzangu, shingairai kwazo kuti musimbise kudanwa nokusanangurwa kwenyu; nokuti kana muciiita izozi hamungatongogumburwi. —II Petra 1:10

Tarirai, ndakakupai simba roku-tsika pamsoro... napamsoro pesimba rose romuvengi....

—Ruka 10:19

Harwaifanira Kutengwa

NaMwari Nemutengo Unodhura

Nokuti Mjari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mjanakomana wake wakaberekwa mumje woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave novupenyu bgusingaperi. —Johane 3:16

Ishe Wezvisikwa Zvose

Wakafira Isu Tose

Ipapo Jesu akati: Baba, muvanganwire, nokuti havazivi cava-noita. Zino Jesu akadana nenzwi guru, aciti: Baba, ndinoisa mjeya wangu pamavoko enyu! Akati areva izozo, akabudisa mjeya wake. —Ruka 23:34a, 46

Pachena Kwatiri Kuti Titore

Mjeya nomjenga vanoti: Uuya! Naiye unonzwa ngaati: Uuya! U-nyenota ngaavuye. Unoda ngaatore mvura yovupenyu asingatengi. —Zakazarurwa 22:17

Mwari Vanoda Mwenga

Wakadzikinurwa Zvakafanana

Nekuda Kwavanoita

Mwanakomana Wavo—Hapana

Rudo Runo Kunda Urwu!

Ini mavari, nemi mandiri, vakwaniswe kuva vamje; kuti nyika izive kuti makandituma, vuye kuti makavada, sezamakandida ini. —Johane 17:23

ZVIPEYI ZVACHOSE KUNA JESU KRISTU IKO ZVINO

Revurura Zvivi Zvako Utendevuke

Kana ticizirevurura zivi zedu, iye wakatendeka wakarurama, nokudaro kuti unotikanganwira zivi zedu, nokutinatsa pakusakarurama kwose. —I Johane 1:9

Naizozo tendevukai, mudzoke, kuti zivi zenyu zidzimje.

—Mabasa 3:19a

Tendai Kune Mwanakomana WaMwari

Kupupura ndiko, kuti Mhari wakatipa vupenyu bgusingaperi; zino vupenyu ubgu bguri muMhanakomana wake. —I Johana 5:11

Unotenda kuMhanakomana, unovupenyu bgusingaperi; asi usingatereri Mhanakomana, haangavoni vupenyu, asi kutsampha kwaMhari kunogara pamsoro pake. —Johane 3:36

Hamuzivi here, kuti uyo wamunozipa kwaari kuti muve varanda vake kumuterera, kuti muri varanda vaiye wamunoterera; kana vezivi zinoisa kurufu, kana vokuterera kunoisa kukururama?

—UaRoma 6:16

...Asi muzipei imi kunaMhari.

—UaRoma 6:13a

Rudo Pachinzvimbo Chokutya

Nokuti Mjari haana-kutipa mje-ya wokutya, asi wesimba, nowo-rudo, nowokuzidzora.

—II Timotio 1:7

Hakunokutya murudo; asi rudo, rwakakwana. —I Johane 4:18a

Rudo Pachinzvimbo Chokuvenga

Kana munhu aciti, ndinoda Mjari, acivenga hama yake, mu-revi wenhema; nokuti usingadi hama yake yaakavona, ungada se-iko Mjari, waasina-kumuvona? Iwoyu murairo wakabva kwaari, tinawo, wokuti unoda Mjari, nga-ade vo hama yake.

—I Johane 4:20, 21

Zino cibereko coMjeya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, no-mjoyo murefu, nomjoyo munyo-ro, nokunaka, nokutendeka, no-vunoro, nokuzidzora: hakuno-murairo unodzivisa zingu zaka-dai. —UaGaratia 5:22, 23

Kutenda Pane Kunyunyuta

Ndianiko ucatiparadzanisa no-rudo rwaKristu? Kutambudzika, kana nhamo, kana kuvengwa, ka-na nzara, kana kushaiwa zokufu-ka, kana njodzi, kana munondo here? Kwete, pazingu izi zose tiri vakundi nokupfuvurisa naiye wa-katida. —UaRoma 8:35, 37

42 SIMBA RAMWARI MUVATENDI VECHOKWADI

Musakarira mari pamugarire wenyu; tendai nezamunazo; nokuti iye amene wakati: Handi-
ngatongokuregeri, handingato-
ngokusiyi. —UaHeberu 13:5

Runyararo Pachinzvimbo Chekutambudzika

Nokuti kufunga kwenyama ndi-
rwo rufu; asi kufunga kwomneya
ndibgo vupenyu norugare.
—UaRoma 8:6

Ndinokusiyirai rugare; ndinoku-
pai rugare rwangu; handikupiyi
sokupa kwenyika. Mjoyo yenyu
irege kumanikidzwa, irege ku-
tya. —Johane 14:27

Naizozo zatinoruramiswa noku-
tenda ngative norugare kuna-
Mjari naShe wedu, Jesu Kristu.
—UaRoma 5:1

Kupfuma Kwechokwadi Kwete Kukarira

Akati kwavari: Cenjerai, muzi-
cengete pakuciva kwose, nokuti
vupenyu bgomunhu habguzi pa-
zinhu zakawanda zaanazo.
—Ruka 12:15

Inzwai, hama dzangu dzinodika-
nwa: Ko Mjari haana-kusanangu-
ra varombo venyika here kuti
vave vafumi pakutenda, navadyi
venhaka yovushe bgaakapikira
vanomuda? —Jakobo 2:5

Rusimbiso, Kwete Kufungidzira

Ndakakunyorerai zinhu izi kuti mugoziva kuti munovupenyu bgusingaperi, iyemi munotenda kuzita roMjanakomana waMjari.

—I Johane 5:13

Rufaro Pachinzvimbo

Chokusuwa

Zino Mjari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu.

—UaRoma 15:13a

Zinhu izozi ndakazitaura kwamuri, kuti mufaro wangu ugare mamuri, nomufaro wenyu uzadzike.

—Johane 15:11

Nemi zino muneshungu; asi ndicakuvonai ze, nomjoyo yenyu icafara; hakunomunhu ungakutorerai mufaro wenyu.

—Johane 16:22

Kunatswa Kwete Kusvibiswa

Zamakanatsa mjeya yenyu muciterera zokwadi, kuti mude hama nokusanyengerera, munofanira kudana zikuru nomjoyo wose.

—I Petro 1:22

Asi cinovavarirwa nomurairo ndirwo rudo runobva pamjoyo wakacena, napahana yakanaka, napakutenda kusinyengeri.

—I Timotio 1:5

44 SIMBA RAMWARI MUVATENDI VECHOKWADI

Simba Pachinzvimbo Chokuneta

Pakupedzisira ivai nesimba mu-naShe, nomusimba rake guru.

—UaEfeso 6:10

*Tariro Pachinzvimbo
Chokusave Netariro*

Takatarira tariro inofadza, no-kuvonekwa kwokubginya kwa-Mnjari mukuru, noMuponesi we-
du, Kristu Jesu. —Tito 2:13

Kuti nezinhu ziviri zisingasha-
ndurwi, (nokuti paziri Mnjari haa-
goni kureva nhema), tive nesi-
mbiso yakabata, iyesu, takatizira
kutariro yakaiswa pamberi pedu,
kuti tiibate; yatinayo secibatiso
coMneya, tariro isingazunungu-

swi, yakasimba, inopinda kunezi-
ri mukati mecidzitiro cetembere.

—UaHeberu 6:18, 19

*Chokwadi Pachinzvimbo
Chokunyepa*

Mufambire wenyu uve wakana-
ka pakati pavahedeni; kuti pava-
nokupomerai vaciti munoita za-
kaipa, varumbidze Mnjari nezuva
rokushanyira, kana vacivona ma-
basa enyu akanaka.—I Petro 2:12

Mucaziva zokwadi, nezokwadi
icakusunungurai. —Johane 8:32

Iye ucakufukidza nemhinenga
yake, ucatizira pasi pamapapiro
ake; zokwadi yake inhovo huru
neduku. —Mapisarema 91:4

***Kukunda Pachinzvimbo
Chokukundwa***

Nokuti cinhu cipi necipi, cino-
berekwa naMnjari cinokunda nyi-
ka; kukunda kwakakunda nyika,
ndiko kutenda kweḑu.

—I Johane 5:4

Ndikavona cakaita...naivo va-
kavuya vakunda cikara nomufa-
nanidzo waco, neciverengo cezita
raco, vamire pamsoro pegungwa
rinovonekera, vanovudimbga bga-
Mnjari. —Zakazarurwa 15:2

***Kukura Pachinzvimbo
Chohupwere***

Savacece vacangoberekwa, pa-

ngai mukaka womnjeya, usina-ku-
shatiswa, kuti mukure nawo, mu-
goponeswa. —I Petro 2:2

Naizozo ngatisiye shoko rokuta-
nga kwaKristu, tipfuvurire mberi
pakukwaniswa, tisingaisi ze nheyo
dzokutendevuka pamabasa akafa,
nedzokutenda kunaMnjari.

—UaHeberu 6:1

Asi tireve zokwadi murudo, ti-
gokura maari pazose, iye Kristu,
Musoro. —UaEfeso 4:15

Ivai SaKristu

Uyo, unoti, ndinogara maari,
unofanira kufamba vo sezaakafa-
mba iye. —I Johane 2:6

46 SIMBA RAMWARI MUVATENDI VECHOKWADI

Simba Mumunhu Womukati

Kuti vakupei pafuma yokubginya kwavo kukuru, simba kuti musimbiswe noMnjeya wavo mumunhu womukati. —UaEfeso 3:16

Ndingaita zose naiye unondipa simba. Kunyanje zakadaro, makaita zakanaka zamakasongana neni pakutambudzika kwangu.

—UaFiripi 4:13

Harishandi Nokuda Kwenjere DzoMunhu

Nesnoko rangu nokuparidza kwangu hazizaiva namashoko okugombedzera ovucenjeri; asi nokuratidza kwoMnjeya nokwesimba.

—I UaKorinte 2:4

Simba Kuti Mupupure

Asi mucapiwa simba, kana Mnjeya Mutšene wavuya pamsoro penyū; ipapo mucava zapupu zangu paJerusarema, napaJudea rose, napaSamaria, nokušikira kumugumo wenyika. —Mabasa 1:8

Isu tiri zapupu zamashoko iwayo; noMnjeya Mutšene vo, wava-kapiwa naMnjari ivo vanomutere-ra.

—Mabasa 5:32

Uaapostora vaipupurira kumuka kwaJesu nesimba guru; nyasha huru ikava'po pamsoro pavo vo-se.

—Mabasa 4:33

SIMBA RAMWARI PAKUCHENGETEDZA VATENDI 47

Handinyengeteri kuti muvabvise panyika, asi kuti muvacengete panowakaipa. —Johane 17:15

Zino rugare rwaMjari runopfuura kunzwisisa kwose, rucarinda mjoyo yenyu nemifungo yenyu munaKristu Jesu. —UaFiripi 4:7

Akati kwavari: Ndakavona Satani aciwa kudenga semheni. Tarirai, ndakakupai simba rokutsika pamsoro penyoka nezinyavada, napamsoro pesimba rose romuvengi; hakunecinhu cingatongokukuvadzai. —Ruka 10:18, 19

Zawakacengeza shoko rokutsungirira kwangu, ndicakucengeza vo panguva yokuidzwa yodo-ku-

vuya panyika yose, kuidza vanogara panyika. —Zakazarurwa 3:10

Unokunda acicengeza mafasa angu kuşikira pakupedzisira, ndicamupa simba pamsoro pamarudzi. —Zakazarurwa 2:26

Pakupedzisira ivai nesimba mu-naShe, nomusimba rake guru. Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMjari, mugone kumira mucirwa namano aDiaborosi.

—UaEfeso 6:10, 11

Ishe unoziva kusunungura pamiidzo vanonamata Mjari, nokuengeza vasakarurama vave pakurobga kuşikira pazuva rokutoŋgwa. —II Petro 2:9

*Kuburikidza Nokutenda Kwedu,
Mwari Wedu Chete Ndiye
Anogona Kuzadzisa*

Nezose zamunokumbira mucinyengetera, kana mucitenda, mucazipiwa. —Mateo 21:22

Kana mucigara mandiri, nama-shoko angu acigara mamuri, kumbirai zamunoda, mucaziitirwa. Baba vangu vanokudzwa naizozvi, kuti mubereke zibereko zakawanda; vuye mucava vadzidzi vangu. —Johane 15:7, 8

Ndiko kusatya, kwatinako kwari, kuti kana ticikumbira cinhu nokuda kwake, unotinzwa; zino

kana ticiziva kuti unotinzwa pazose zatinokumbira, tinoziva kuti tapiwa mikumbiro yatakakumbira kwari. —I Johane 5:14, 15

Kumbirai, mucapiwa; tšakai, mucawana; gogodzai, mucazarurirwa. Nokuti mumwe nomumwe unokumbira unopiwa; unotsaka unowana; unogogodza unozarurirwa. —Mateo 7:7, 8

Zirokwazo, zirokwazo, ndinoti kwamuri: Unotenda kwandiri, mafasa andinoita, iye ucaaita vo, ucaita makuru kunawawa; nokuti ndinoenda kunaBaba. Cinhu cipi necipi camunokumbira muzita

ranju, ndicaciita, kuti Baba va-
kudzwe muMhnanakomana. Kana
mucikumbira cinhu kwandiri mu-
zita ranju, ndicaciita.

—Johane 14:12-14

Saka ndinoti kwamuri: Zinhu
zose zose zamunonyengeterera
nokukumbira, tendai kuti mazi-
gamucira, mugova nazo.

—Marko 11:24

Farikanya kwazo kunaJehova;
Iye agokupa zinodikanwa no-
mjoyo wako. Isa nzira yako ku-
naJehova; Uimba vo naye, iye
ucaziita. —Mapisarema 37:4, 5

Ishe akati: Kana maiwa noku-
tenda kwakaita setsanga yema-

starda, maiti kumuwonde uyu:
Dzurwa, usimje mugungwa!
ucakutererai. —Ruka 17:6

Zino Mhari wanju ucazadzisa
kushaiwa kwenyu kwose pafuma
yake, mukubginya, munaKristu
Jesu. —UaFiripi 4:19

Uadikanwa, kana mjoyo usinga-
tipi mhaka, tinako kusatya pa-
mberi paMhari; vuye zose zati-
nokumbira tinopiwa naye, nokuti
tinocengeta mirairo yake, ticiita
zinomufadza. —I Johane 3:21, 22

Jesu akati kwaari: Kana iwe
ucigona kutenda, zose zingaitika
kunounotenda. —Marko 9:23

Text reprinted from the Bible in Shona by permission of United Bible Societies Africa Regional Centre, Nairobi, Kenya.

Published in numerous languages by World Missionary Press as God supplies funds in answer to prayer. If you would like more copies for careful distribution, write in English to:

World Missionary Press, Inc.
P.O. Box 120
New Paris, Indiana 46553-0120 USA

Cover photo STSci-PRC2003-11a of Helix Nebula courtesy of NASA and STSci

www.wmpress.org

11-16

738 Shona POG